

## Kisa yo rele **Reyadaptasyon Pwofesyonèl** ?

**R**eyabilitasyon Pwofesyonèl (VR) se yon pwogram leta-federal kap travay ak moun ki andikape fizik oubyen mantal, pou prepare yo pou jwenn travay oubyen kenbe yon travay. VR angaje l pou ede moun andikape yo jwenn travay enteresan.

## Kilès ki kapab kalifie pou resevwa sèvis VR ?

**O**u kapab kalifye pou sèvis VR si ou decide pou w jwenn yon travay e si w ranpli kondisyon ki pi ba yo:

- Andikap fizik oubyen mantal ki ba ou pwoblèm pou w jwenn youn travay.
- Asistans VR nesèsè pou ede ou prepare pou jwenn travay oubyen kenbe yon travay.

Si w resevwa Asirans Andikap Sekirite Sosyal (SSDI) oubyen Sekirite Revni Siplemanchè (SSI) pou andikap ou a, ou sipòse kalifye pou sèvis VR si ou gen entansyon jwenn yon travay.

## Kisa Patisipasyon Finansyèl ye ?

**VR** pral gade konbyen kòb moun ki kalifye yo genyen pou konnin si yo pral gen pou patisipe nan frè sèvis Reyabilitasyon Vokasyonèl yo. Kèk moun oubyen kèk pwogram gen dwa pa ladan e moun say o pap bezwen peye pou sèvis sa yo.

## Kisa Odè Seleksyon an ye ?

**A**nba Odè Seleksyon an, tout moun ki kalifye, yo mete ou sou yon lis ki bay priorite a enpòtans andikap moun nan. Lalwa Federal mande ke moun ki gen pi gwo andikap yo pou yo sèvi yo an premye.



## Enfòmasyon jeneral

## Program VR yo

### Pwogram pou moun ki Soud ou ki pa Tande Ditou

**P**wogram pou moun ki soud ou ki pa tande byen asire ke VR ap bay sèvis a tout moun ki kalifie pou tout kalite pwoblèm tande. Asistans nesèsè ak fòmasyon nan konpetans pou tou de pwogram sa yo, anplwayè kapab ede moun ki soud oubyen ki pa tande yo jwen travay epi kenbe yon travay.

### Tikèt pou Travay

**T**ikèt pou Travay (Ticket to Work) se yon pwogram Administrasyon Sekirite Sosyal (SSA) dispose pou moun ki rete nan eta Florid la. Pou tout moun ki kalifye pou benefis Sosyal Sekirite yo, yap ba yo yon tikèt ke yo kabab remèt a patisipan nan Rezo travay (Employment Network / EN) tankou VR. Patisipan sa yo bay aksè a sèvis travay ak reyabilitasyon ki nesèsè pou ede yon moun jwenn ak kenbe yon travay. Pwogram sa a se yon pwogram volontè.

### Pwogram Changman lekòl pou Travay

**P**wogram Changman Lekòl pou Travay la gin ladan anpil aktivite pou ede elèv andikape pou prepare ak planifye yo pou reyisi nan travay aprè yo fini lekòl.

### Pwogram Sante Mantal

**VR** ap òganize sèvis sa yo ak pwogram sant sante mantal yo ak tout lòt pwogram ki bay sèvis pou asiste moun ki andikape fizik oubyen mantal pou yo jwenn travay.



### Sipò pou travay

**S**ipò pou travay ede moun ki gen gwo andikap ki pat janm reyisi jwenn yon travay nan kominote a. Pwogram nan ede moun jwenn travay nan kominote a lè yap itilize sèvis tankou antrenman travay e kontinye travay ak moun sa yo, pou yo ka rete nan travay.

**Pou kapab jwenn plis enfòmasyon,  
Kontakte :**

2002 Old Saint Augustine Road, Bldg. A  
Tallahassee, Florida 32301-4862  
(850) 245-3399 (Voice and TTY)  
(800) 451-4327 (Voice and TTY)  
[www.Rehabworks.org](http://www.Rehabworks.org)  
[www.FLJobConnections.com](http://www.FLJobConnections.com)



Se yon pwogram e yon anplwayè ki ofri tout moun menm chans. Lalwa entèdi Divizyon Reyadaptasyon Pwofesyonèl (VR) Depatman Edikasyon Eta Florid, poutèt li resevwa èd finansyè federal, pou l fè diskriminasyon ak nenpòt moun nan Etazini akòz ras li, koulè li, relijyon li, sèks li, orijin nasyonal li, laj li, andikap li, afilyasyon politik li oswa kwayans li.

Pwosedi VR itilize pou trete kandidati yon moun pou detèmine si li elijib pou sèvis, pou nenpòt sèvis pi devan e kèlkeswa pwosesis Paogram VR la dwe respekte obligasyon pou pa fè diskriminasyon. Pou moun andikape y ap jwenn èd ak sèvis siplemantè si yo mande l. Moun ki sèvi ak aparèy telefòn avèk touch (telepwonptè ekipman TTY/TDD) oswa Sèvis Relè Eta Florid (Florida Relay Service) nan nimewo 711 yo kapab kontakte nimewo telefòn parlan (kote mound we pale).

*Divizyon Reyadaptasyon Pwofesyonèl nan Depatman Edikasyon se yon patnè ki fyè pou l patisipe nan Plan Estratejik pou Edikasyon Pwochen Jenerasyon nan Eta Florid (Florida's™ Next Generation Strategic Plan for Education).*

03/2009

## Egzanp sèvis VR ofri :

- Evalyasyon medikal e sikolojik
- Evalyasyon pwofesyonèl ak planifikasyon
- Konsèy ak oryantasyon pwofesyonèl
- Pran eksperyans pwofesyonèl pandan moun lan ap frekante lekòl segondè
- Evalyasyon lye travay ak akomodasyon
- Plasman nan travay



- Antrenman pou travay la
- Fòmasyon souplak nan travay la
- Asistans pou anbochaj
- Teknoloji ak aparèy pou founi asistans
- Tretman medikal ak sikolojik pandan yon tan limite



**N ap konstwi  
Karyè  
Yon moun  
alafwa**



**Vocational Rehabilitation**  
FLORIDA DEPARTMENT OF EDUCATION